



DÒMI AN SEKIRITE: LÈT POU PARAN AN
Premye Sitasyon/Kontravansyon EEC Akoz Enkonfòmite

Dat:

Chè _____ ,

Chak ane, gen anviwon 3,400 Lanmò Tibebe Sanzatann San Eksplikasyon (SUID) oswa Sendwòm Lanmò Tibebe Sanzatann (SIDS) Ozetazini. Pou diminye risk lanmò tibebe nan yon espas gadri akoz yon SUID oswa SIDS, epi an akò ak [CMR 7.11\(13\)\(e\)](#), Depatman Edikasyon ak Swen/Gadri pou Timoun Piti (EEC) te etabli yon politik konsènan pratik Dòmi an Sekirite pou tout timoun ki poko gen 12 mwa. Genyen kat fwa mwens lanmò SUID oswa SIDS kounye a pase an 1990 akoz pratik sa yo. Tout pwogram yo oblije swiv politik sa a lè yo respekte Pratik Dòmi an Sekirite pandan y ap pran swen tibebe yo.

Dènyèman, yon reprezantan EEC te vizite pwogram swen/gadri timoun nou an. Pandan vizit sa a, yo te idantifye pwoblèm konsènan pwosedi pou mete tibebe dòmi an sekirite ki te enplike pitit ou. Espesyalman, EEC te jwenn:

Yo te korije non-konfòmite sa a imedyatman., epi tout tibebe yo te rete nan gadri a.

Yo pa t ka korije non-konfòmite a imedyatman., epi yo te voye youn oswa plizyè tibebe lakay yo jiskaske yo te kapab ofri yon espas ki an sekirite pou yo dòmi.

Akoz rezilta vizit EEC ki sot fèt la, yo fè m konnen yo idantifye pwoblèm Dòmi an Sekirite nan pwogram nou an epi m ap soumèt yon plan koreksyon bay EEC. Plan sa a ap enkli ladan:

Mwen asire w ke n ap swiv plan sa a, epi, nan fè sa, n ap konfòme nou totalman alavni ak politik ak règleman EEC sou dòmi an sekirite. Mwen konnen ke pwogram ki kontinye vyole règleman sou mete tibebe yo dòmi an sekirite ka mande pou yo sispann/kanpe gadri tibebe yo.

Tanpri ede m sipòte pratik dòmi an sekirite lakay ou. Pale ak tout moun ki pran swen pitit ou sou enpòtans pratik dòmi an sekirite. Ansanm, nou ka fè moman timoun nan ap dòmi an rete an sekirite. Si w gen yon kesyon sou kontni lèt sa a, tanpri pa ezite kontakte m.

Sensèman,

Siyati Titilè Lisans la oswa Moun yo Deziyen an

Konfimasyon paran an resevwa lèt la: Tanpri siyen, mete dat la, epi retounen li bay pwogram nan.

Siyati Paran an:

Dat:

Revize Septanm 2026